

REGINPOEN LENGGANAN

SWARA - TAMA:

1 taoen	f 6,-	njoewoen ka-
1/2 "	f 3,-	
3 woelan	f 1,50	bajar roemijn.
Kénging mbajar saben woelan		

RAGAD ADVERTENTIE:

1 katja	f 36,-
1/2 "	f 18,65
1/4 "	9,75
1/8 "	5,25
Saladengipoen: saben 1 cm ² . . .	f 0,03
sekedik - kedikipoen: f 1,50	

Kabar premili alit - alitan: f 1,-

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-san, oetawi dados lengganan, tepong rembag roemijn kalijan administratie.

ITALI KALIJAN VATICAAN.



Sabar.

Johannes Jørgensen, naté njarijsaken salebetipoen satengah djam, djagad serat kabar kedah sampoen saged damel wawasan lalampahan-lalampahan wigati ingkang kalampah wonten ing djagad pasrawoengen. Dados poen journalist kedah tjak-tjek toemrampil ijoekat atrangginas, lantip! Alijas kedah tjeput tangan ringan kaki

Sok makatena, kita ladjeng gadah koepia koran hari warti poenika temenipoen boten saged kaanggé gondèlaning pangrembag ingkang bakoe. Kadjeng koela boten kenging kaanggé gagaran ingkang ngantos njakep sadaja lebetaning prakawis. Djer tilgram - tilgram ing serat kabar hari warti poenika jek-tinipoen toemindak akanti kasesa. Dados amengkoe pikadjeng soepados énggal soemebar ing saindenging bawana; dados inggih nama angeng-géni pawakaning journalist: tjeput tangan ringan kaki pesat ingetan, kaseboet nginggil.

Sapoenika, kados ingkang kaseboet ing Swara Tama minggoe kapengker, djagad Itali saweg kalmipoet ing mendoen peteng, margi gésrèkipoen pradja Itali kalijan Vaticaan.

Kita, gotrah Katoelik ing Indonesia, mangertosipoen prakawis waoe margi tilgram - tilgrampipoen Aneta. Lan, tilgram - tilgram waoe sampoen mesti kémawon boten djangkep, tegesipoen: boten saged njakep sadaja lebetaning prakawis.

Mananawi wonten lalampahan wigati makaten poenika, ingkang nomer satoenggal kita kedah alambaran wataw saréh, sabar, boten koemroengsoeng, anggragap toewin goegoep, ngiras angentosi datenging pawartos ingkang langkoeng talesih. Ing riki, kita journalisten Katoelik, margi kadesek ing Kawontenan-kawontenan ingkang angénggingi djagad Vaticaan, inggih ladjeng saja kraos ambetahaken kasagedan basa Itali. Djer, serat kabaripoen Vaticaan, *Osservatore Romano*, poenika kaserat ing basa Itali.

Dados, salebetipoen kita angraosaken lalampahan ing Vaticaan waoe, manah kita kedah arangkepan saréh, sabar

Kita béra prihatos.

Sanadjan tilgram - tilgram Aneta boten talesih, éwadéné wonten kawontenan ingkang boten kenging dinorakken, i.p.: „Pradja Itali gésrèk kalijan Vaticaan.”

Lalampahan poenika wonten!

Kita Katoelik ing dalem Pasamoean Soetji sami maoedjoedan badan satoenggal. Kala pangoeja-oeja ing Roeslan lan Mexico taksih moeroeb-moeroebipoen, gotrah Katoelik ing saindenging djagad sami

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

Hoofdredacteur:

A. DJAJASEPOETRA.

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

Adresipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKARTA

Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius“ Djokja.

ISINIPOPEN:

Itali kalijan Vaticaan - mBok samo-poen kesangeten - Wirang mbeba-rang - Kloeroeking sawoengipoen Pandji Laras - Basa Mladjeng lan kantja goeroe ing doesoen - Pang-djaran ing tanah Indonésia - Blitar - Goentingan pers - Saking pakem-palan - Pangandika Dalem K.S. Ba-pa Leo XIII - O.P. G.Oe. - Oerap-sari - Correspondentie.

GOENTINGAN PERS.

Oh, itoe toekang koran!

Panjaroewénipoen kadang sepoeh Mintagsama kaseboet ing Sw. T. no. 23 samo-poen koela waos. Koela waos lan koela tampi kanti soeméh. Kanti manah asrep, ngoemala, soemilak kados remboelan. Kanti pam-bekan momot kados poen soerja . . .

Roemeksaning karesnanipoen ka-dang Mintagsama ingkang dateng koela soemarambahipoen dateng journalisten Katoelik pantes inga-san.

Éwadéné soepados boten adamel sendang serep, kaparenga Prendjak Mataram ngatoeri katrangan sakedik.

Bakoening rembag wonten Goen-tingan Pers Sw. T. no. 22 waoe, koela anedahaken: É daning djaman modern. Kamadjengan djaman sapoenika ingkang ateges ngirisak kasoesilan!

Ladjeng, . . . ingkang koela anggé-jtonto nílalahip en paka-baran ing Aksi prakawis idjab tilgram ingkang doemados anta-wisipoen student R. H. S. kalijan goeroe éstri ing Prambanan.

Sapoenika manoet katranganipoen kadang sepoeh Mintagsama, prijan-toen kahit waoe pantjen sampoen idjab. Dados boter idjab tilgram makaten poenika.

Dados samangké manoet katrangan saking saoedara Mintagsama . . . terang poen tjoonto ingkang kléntoe, boten njata! . . .

Manawi tetemboeng koela awa-waton kabar boten njata, ing Goen-tingan Pers waoe toemamanipoen dateng sang pinangantén kakih adamel tjoerna, toemboes ing dada-tereoing gigir, . . . o, noewoen Prendjak Mataram boten awrat lan boten isin neda ngapoenten.

O, pantjen awrat dados toekang koran poenika. Ageng tatanggelan-ipoen journalist, ingkang kedah apawakan tjeput tangan ringan kaki, nanging kedah kanti pangatos-atos.

Dados tjoonto koela ingkang kléntoe. Nanging kawontenan édanan djaman „modern“, tandoek „modern“ ingkang ngrisak kasoesilan, angasora-ken daradading kading wanita, . . . boten saged sinélakan. Njata, temen, wonten temenan.

Lan édanan „modern“, tandoek tja-p dasamoeka, sasaged-saged ke-dah kasirnakaken. Kalaboera, karam-poga, kakroetoega ing djemparing amrih dados endeg - endeging amoen-amoen. Poenika kawadjiba-nipoen kantja journalist toewin para panoentoening bangsa.

Mila, . . . manga sijaga, amepak dadamel, . . . anikelan kakijatan, kados Sri Ramawidjaja sawadya-balaniipoen kala nedya ngleboer dasamoeka.

Alkasil, nalar Prendjak Mataram - Mintagsama, katjoentoel samanten. Habis perkara . . . ! Kasih tangan, saudara! . . . Gandeng koentja am-boentjang moebaling tandoek angri-sak kasoesilan! . . .

PRENDJAK MATARAM.

ngalam donja wonten barisan kakih ingkang tansah sami ajoen-ajoena. Barisan waoe i.p. barisanipoen Lucifer kalijan wadyabalaniipoen Mi-kaél. Gedibalipoen pepeteng, kalijan poetranning Papadang.

Kita sami kawarah, sampoen ngin-ten manawi anak-anak pepeteng poenika sami bodo. Wangsoel, kadig-

Pius X, anggaraken babagan Aksi Katoelik. (— Malah sapéranganing Nawala sawatavis taoen kapengker naté koela pertal oeroet - oeroetan wonten Sw.T.).

Serat kabar *De Tijd* angewrat pakabaran saking Roem, katitiman-gsan 29 April 1930, ingkang kenging kanggé oelar - oelar anggoedari oen-deraning prakawis gésrèkipoen Itali kalijan Vaticaan kaseboet nginggil.

Serat kabar poenika njarijosaken, ing taoen 1886 ing Itali wonten pagoejoeban aksi Katoelik anama *Gioventu Cattolica*. Warga - warga-nipoen sami tijang djaler oemoer 12 — 35 taoen. Inggih pakem-palan poenika ingkang dados bapa-baboe-ning pakem-palan Aksi Katoelik ingkang sapoenika. Taoen 1923 lad-jeng toeweh pakem-palan golongan kasepoehan, lan warga-warga Gio-ventu inggih saged katampi ing rikoe. Wiwit kala samanten watesing oemoer-oemoeraning warga ing da-lem pakem-palan kakalih waoe tan-sah kaangkah sageda soeda.

Para maha siswa Katoelik ingrikoe inggih ladjeng ngadani pakem-palan. Samanten oegi golongan wa-nita Katoelik: sepoeh, aném toewin maha siswa sami anggolong damel barisán. Laré-laré éstri oemoer nem taoen kémawon samo-poen kenging malebet dados warga. Laré - laré djaler oemoer 6 — 12 taoen sami dados reksanipoen pakem-palan wa-nita Katoelik.

Golongan djaler (wredda) gadah garombolan 4000, warganipoen 140.000; wanita (wredda) warga-nipoen 250.000; golongan moeda (djaler) 300.000; déné moeda Katoelik (wanita) warganipoen 450.000.

Sapoen sawatavis taoen, pakem-palan - pakem-palan poenika di-poenreh ing Centraal bestuur. Para pangarsaning satoenggal-toenggaling pakem-palan sami loenggoeh wonten ing centraal bestuur waoe, déné warga sanésipoen tinoeding ing Kg. Paus.

Tradjangan pakem-palan-pakem-palan poenika namoeng mligi wonten ing laladan kasoesilan toewin agami oet. kabatosan. Dalasan sport-organisatie - nipoen kémawon kala taoen 1927 inggih kabibarakken, kanggé koerban dateng fascistische centralisme. Parepatan - parepatan-ipoen ingkang penting angrembag gesang-ing brajat sarta rembag-rembag ingkang magepokan kalijan prakawis poenika. Samanten oegi laladan sosial ingkang langkoeng djembar, kadosta kasoesilan ing salebetipoen pabrik, ngaso ing diten Ngahad, I., inggih dados rembag-rembag pakem-palan - pakem-palan waoe. Toemindaking prakawis-prakawis poenika ingkang sapérangan ageng angénggingi panggoela-wentah toewin sinaoe. Malah ing kabiskopan-kabiskopan Itali lér gadah babadan ingkang saémpér pamoelangan-loe-hoer-sosial.

Nitik ingkang kaseboet ing nging-gil, saha nitik oegi papakeming Aksi Katoelik, tangéh manawi Azione Cattolica amengkoe tradjangan poe-litik.

Kadjawi poenika, pandjenengan sadaja ingkang sami anenggani konggrès P. K. W. nembe poenika, margi sosorahipoen Rama Djaja-sepoetra mesti mangertos bilih pa-kem-palan Aksi Katoelik ing Itali waoe babar pisau boten mengkoe poelitik. (Kala samanten pandjenenganipoen ametik statuten lan pro-gramipoen pakem-palan aksi Katoe-lik ing Itali).

Bedamén Itali — Vaticaan. Wonten Sw. T. minggoe kapengker katjarijosaken, ing salebetipoen roehara waoe, péhak kemédja hitam kahit ingkang ngoetjap: Dipaténi baé Paus koewi . . . enz . . . l' Oetjap makaten poenika tetep angrémehaken, njoewijah, ngasora-ken, natoni panggalih dalem kg. Paus, soemarambahipoen dateng poe-tra-poetraniopoen. Mila inggih boten maiben, déné ing nota Vaticaan

ingkang dateng pradja Itali wonten ingkang anjeboetaken soepados pradja Itali neda ngapoenten déné wonten oetjap makaten dipoendjor kémawon déning poelisi.

Ing riki koela ladjeng kengetan Verdrag Lateranen kala 11 Februari 1925.

Ing serat bedaménipoen Itali kalijan Vaticaan wonten papatjak ingkang oengel-oengelan ingkang matoki:

“sadaja tindak njoewijah oetawi anatoni Paus kedah rinengkoeh sami kalijan njoewijah toewin natoni (misakit) sariraning pan-djenenganipoen nata (art. 8).”

Dados artikel poenika ateges ngawisi tijang ngrémehaken, ngasoraken, njoewijah oetawi anatoni anatona dalem Nata Pandita ing Roem.

Mila, manawi poelisi Itali boten menging tindak angrémehaken waoe, nama boten anetepi pikadjenganing artikel 8 kaseboet ing Verdrag La-teranen.

Koela kengetan dawoeh pangandik dalem kala ananggapi soso-rahipoen Mussolini, kaseboet ing nawala dalem ingkang dateng kar-dinal Gasparri katitiman-gsan tanggal 30 Mei 1929. Kala samanten, pan-djenenganipoen angandika: “bedamén kang lagi baé teloeng sasi, wis banget diganggoe gawé tanpa nganggo paparah babar pisan.” Awit, kala samanten wonten ing salebetingo Kamer toewin Senaat Mussolini, anjarijosaken ingkang soerao-sipoen: ora netjoelaké apa-apa; ora ana concessie-né pradja sidji - sidja marang Pasamoewan Soetji; lestari enggoné ngawat-awati Pasamoewan Soetji; nglestarékaké sarana-sarana kango ngawat-awati Pasamoewan Soetji, dalam kanti pangganganing imamé enz.....” Katranganipoen Mussolini ingkang makaten waoe, kala samanten andosaken boten re-nanng panggalih dalem. . . .

Dados tjalon roebédaning bedamén Vaticaan-Itali poenika sampoen katawisi wiwit kala woelan Mei 1929. *Damelanipoen Vrijmetselarij?* Sawenéh wonten ingkang nginten, lalampahan ingkang sapoenika an-ngénggingi Vaticaan poenika, margi damelanipoen barisan Vrijmetselarij. Gagapan makaten poenika inggih wonten émperiopoen. Kaseboet ing *De Koerier* 17 April 1929 lembaran kaping kalih, wonten seratan ingkang soerao-sipoen ing basa Djawi makaten:

“ . . . Moenggoeh Mussolini maoe - maoené ora amboebaraké Loges disik, mesti ora kelakon bisa nganakaké bedamén karo Vaticaan.

Dék taoen 1895, sang praboe Humbert Nata Itali amitiwi rembagan pijambak (persoonlijk) karo Paus Leo XIII. Sang Praboe band-joer animbal mantri moeka toe-wan Crispé, perloe paring pirsa-dawoeh wangsoelané Kg. Paus. Ésoeké minister Crispé, matoer: “Koela sampoen rembagan kalijan grootmeester-ipoen Vrijmetselarij. Tjarijosoipoen dateng koela: “Ma-nawa Sang Praboe toemindak gawé bedamining pradja Itali karo Vaticaan, ing dina ikoe oega kabé nedya anggawé soe-paja satanah Itali ngilawan pan-djenengané” . . .

Sang Praboe doeëka; . . . nang-ing karsanipoen ladjeng kasandé-aken. Nitik kawontenan poenika, boten nama mokal gagapanipoen tijang ingkang sami amastani: lalampahan ing Itali samangké poenika saking koerdanipoen barisan Vrijmetselarij. *Sinten ingkang menang?* Koela mangertos tanah Portegal, Sepanjol toewin Itali poenika tanah Katoelik. Lan, . . . tanah-tanah poenika, . . . ing salebetipoen taoen 1931 koela tjatet kambah ing rere-toe.

Wiwit kina makina, piwoelang Katoelik sampoen moelangaken ing

SAKING PAKEMPALAN.

PAREPATAN MOEDA-KATHOLIEK MATARAM GOLONGAN ST. ALOYSIUS NALIKA TANGGAL 30 MEI 1931 WONTEN ING PANTI SISWA.

Ingkang rawoeh maremaken. Kadjiwana Rama Moderator lan para warga, oegi Tamme sawatasis lan oetoesan-oetoesan saking St. Maria-stichting, M. K. St. Johannes Bergmans lan M. K. St. Stanislaus.

Ingkang karembag:

1. Maos notulen sarta ngabsahaken oegi.
2. Prakawis penjokong warga ingkang kawedalan saking pandamelanipoen. Poetoesan: Nggedekan Steunfonds. Antjasipoen: Njoekani srana dateng warga ingkang kawedalan saking pandamelan. Ingkang kapilih pangreh steunfonds: sd. Soewandi pangarsa, Soebardi panitra-hartaka, sarta sadaja djoerhoeupiksa saking M. K. warga.

Dados jasanipoen M. K. tambah satoenggal malih.

3. Ngandarakan retrate dateng Giri-Sonta, sanalika oegi wonten sadrek sawatasis ingkang badé ndérék retrate.

4. Oetoesan saking St. Maria-stichting medar sabda prakawis dana Grédja St. Joesop. Temboengipoen tjekak, nanging ngèngingi manah. Mila sareng kartis dana dipoendoem, ladjeng katabanget ingkang sami ngisén, ngantos kartisipoen kirang.

5. Saréhning bêndjing tanggal 21 Juni poinika ngleres riajanipoen St. Aloysius, mila M. K. golongan St. Aloysius ing dinten poinika badé njoeoen Mis Soetji lan para warga sadaja kedah ndérék Mis Soetji waoe kalijan tami Communie Soetji sasaran.

6. M. K. bêndjing 19 Juli badé damel excusi dateng Mendoet, Barabedoer, Blabak.

Toedjoening excursion, boten namoeng padas hawa resik, octawi seneng-seneng, nanging oegi ngraketaken sasedérakan. Pramila ingkang kenging toemoet boten namoeng waga M. K. kémawon, nanging sinten kémawon ingkang poeroen. Ingkang badé toemoet excursion, kenging moendoet katerangan dateng Pangreh M. K. golongan St. Aloysius.

Sasampoenoipoen nampi warga énggal, djam 12 parepatan katoetoep.

M. K. -er.

PAREPATAN WARGA K. W. SOERAKARTA.

Manggén ing Kath. School Poerbajan. Ingkang rawoeh maremaken.

I. Kawiwitlan djam 10.

II. Pengetan parepatan kapengker kawaos, kaéwanan sakedik ladjeng kaabsahaken pisan.

III. Pakabar:

1. Procesverbaal Verificatie Commissie. Pianggihing panriksan V. C. bérés.

2. Serat saking cursisten K. E. lami. Ma-

dajaniipoen inggih nggegilani. Anggénipoen pasang gelar nedya angrebahaken mengsahipen inggih warni-warni, rempit, santosa.

Nanging sanadjana makatena, iman kita anetepaken, boten badé Pasamoewan Soetji tjoerna déning pangrabasanipoen golongan Vrijmetselearij sakomplotipoen. Kita jakin, mesti oenggoel ing djoerit. Ing salebeting manah kita, sami kinjataken déning oengel-oengelan:

"Pandjenenganingsoen oeninga si sétan tjoemlorot tiba saka doewoer kaja tatis. Weroeha, sira Ingsoen parangi pangewasa loemakoe ngambal oela lan kala djengking; sarta pangewasa angrengem wadyabalanan satroe, lan babar pi san era ana sing bakal agawé kelaranmoe." (Lukas 10:18).

Dawoeh pangandika Dalem poe-nika paring kekijatan kita sadaja.

Éwasamanter, inggih perloe pandjenengan tjetet oegi... Risaking kasoesilan, mesti adamel risaking pradja, hantjoering bangsa."

Swantenipoen golongan sanès.

Sadérèngipoen koela amoengkasi andaran koela, perloe koela anedahaken pamanggihing golongan sanès toemrap gendranipoen kemédja hitam kalijan Vaticaan.

S. K. "Mustika" no. 24, sasam-

toer noewoen dateng K.W. lan dateng warga ingkang sampoen kersa paring pitoeloengan.

3. K.W. ngajom St. Joesop. Pramila manawi ngleres riajanipoen Sento waoe ladjeng ngontenaken Communie sasarengan kangge warga K. W.

4. Margi pindahipoen Mejuff. A. Sawalijem (commissaris K.W.). Mejuff. M. Soedarini kapilih dados gegentospoen.

5. Verlag Coöperative Commissie.

6. Serat saking Spaarclub.

Soeraipoen: Rehning Spaarclub poinika ngajom K. W., pramila Spaarclub neda dateng K. W. soepados manawi wonten bot répétipoen Spaarclub K. W. kersaa mitoe loengi ngoeroes.

7. Serat saking Kerk en Arbestuur. Wosing serat neda oeroenan dateng K. W. kangge toembas lampoe kabehaning pakempalan. Sampoen dipoensoekani.

8. Njadekaken Almanak.

Bebaten kangge dana tjalon Grédja énggal.

Jatra tirahan Comité Decemberan kadanakan dateng Jav: Armen.

9. Gracofititng kartisipoen genging panoe-woen dateng para sadrek ingkang sampoen kersa paring dana.

10. Serat saking P. P. K. D.

Wosing serat ngadjak dateng K. W. ngwon-tetenaken Schakelcursus.

K. W. sampoen toemandang prakawis poinika. Ladjeng benoem sdr. tiga kangge tjalon Schakelbestuur 1 sdr. Djajaotama 2 sdr. Poerwaatmadja, 3. sdr. Nataaboeida.

II. Verslag Congres P. K. W.

Saking panedanipoen parepatan verslag boten oesah kawaos, awit para warga sampoen sami mireng pijambak lan oegi sampoen maos ing Swara Tama.

VI. Lezing Rerum Novarum saking P.K.W. Rehning Swara Tama sampoen ngewrat bab poinika ing ngriki boten perloe koela wangsueli malih (zie Sw. Tama no. 21 22/5 '31 lembaran II).

V. Oesoel² ingkang katampi ing parepatan.

1. Pasang pakabaran ing serat kabar badé wontenipoen Grédja énggal ing Sala.

2. Ngendoem busjes dateng para sdr. Kath. Sala kangge nglempakaken dana Grédja énggal.

3. Njerat pakempalan Kath. sanies perloe neda dana kangge Grédja énggal.

4. Parepatan njoekani pangewaoso dateng Pangreh nindakaken srana-srana kangge pados dana.

5. K. W. sasaged-saged badé ngoedi ngajenkan kagoenoan (oep: ngontenaken mu-ziekclub enz.).

VI. Sasamponenipoen poinika pitakénan-pita-kénan ladjeng kawangoelan klawan terang. Wasana parepatan katoetoep ± djam 1.

Verslaggever.

poenipoen metik tilgram pakabaran pasoelajan ing Itali waoe, ladjeng njerat makaten:

Memang pertentangan katholiek dengan fascist itoe soedah lama. Fascist memberi papa berkeraduan sendiri, tapi ta' hendak mengidinkan papa dan kaeom katholiek menjapoei oeroesan fascist dalam negeri Italia. Sebaliknya papa tidak hendak mengakoei atoeran jang sah dan akan tetap selama-lamanya. Tetapi papa itoe poenja pendifirian, bahwa pengajaran dan pendidikan tjara katholiek dan organisatie kaeom katholiek menjadi hak kaoem itoe selama-lamanya.

Demikianlah doea kekoesaan itoe bertentangan didalam negeri itoe, jang bagian terlebih banjara'iatna beragama menoeroet gereja katholiek.

Bagi kita ada satoe pertanjaan. Adakah kirana geredja katholiek akan menjoeoeukan pengkoetna disini bangsa kita jang menoeroet agama geredja itoe akan memprotest perboean fascist itoe? Kita hendak melihat, bagaimana anggapan bangsa kita tentang keinternasionalan pihak katholiek itoe, jang mempoenjai radja doenianja dan radja agamanja dalam Vaticaan.

Pangadjeng-adjeng koela, moegi-moegi swasana ing Itali sageda

Bagi kita pihak Islam tentoe

tidak akan ada halangan bersama-sama mengangkat protest terhadap kepada fascist karena kekedjannia di Tripoli dan di Italia.

"Wangsoelaning pitakénan poenika inggih sampoen saged katjakoep wonten karangan poenika, (koela atoeri mriksanti nginggil).

Dawoeh protest saking Roem, boten wonten. Nanging sanadjana makatena, tilgram-tilgram saking saloemahing djagad, anedahaken bilih kita ing salebeting Pasamoewan Soetji sami kadoenoengan antep internationalisme.

**

Satoenggal engkas! Correspondent-ipoen Soerabajasch Handelsblad ing Roem inggih anjarjosaken pandakwanipoen péhak kemédja hitam dateng Azione Cattolica, ingkang ladjeng dados pabenipoen Osservatore Romano kalijan Lavoro Fascista, sarta woesananiipoen aboentoet kados ingkang kalampahan kala kalah minggoen kapengker.

Kala njerat prakawis waoe, mesti kémawon dèréng wonten findak ngririsan kados ingkang kawrat ing Sw. T. minggoe kapengker. Pam-banteenipoen Soer. Handelsblad waoe gadah pamanggih soeraoipoen makaten: (zie Soer. Hadib: 4 Juni).

Vaticaan ora migoenakaké pa-koempoelan "Azione Cattolica" sing samono gedéné, kango toedjoe poelitik. Jén ngantija toemindak mangkono, tanggoeng koewasané Pasamoewan Soetji mesti hantjoer. Bisa oega warga-wargané "Azione Cattolica" pada amoelitik, nanging Azione babar pisian doedoe pakempoelan poe-litik.

Ing tanah kaja déné Itali sing moeng ana parté poelitik sidji, para ngoelama sasat ora bisa polah manawa kataman déning sawenang-wenang parté maoe.

Penningmeester V. L. S.

1 sén

dateng V. L. S.

Lan, pakoempoelan "Azione Cattolica" sing koewasa koewi, mesti baé kadang kala ija nglairaké panjaroewéné. Nanging babar pisian "Azione" maoe ora nindak-aké aksi poelitik.

Makaten pamanggihipoen pam-banteen Soer. Handelsblad.

**

Para sadrek! Poenika soesoeloeh kagem antjer-antjering pamanggihing pandjenengan dateng kasoesahan ingkang ngèngingi Vaticaan.

Pangadjeng koela, moegi-moegi swasana ing Itali sageda

dateng pandamelanipoen, ngantos boten trimil namoeng andawoeha-ken oekoeman pedjah, nanging inggih toemoet ngrampoengi pijambak wonten ing kestalan kaseboet.

Tindakipoen tiga²ning atoenggal

poenika anggegiris sanget, ngantos boten wonten tjiang ing Jekaterinenberg, ingkang poeroen mlampah medal Poeskinstraat. Makaten ka-

wonteñanipoen 10 taoen kapengker.

Sapoenikanipoen Toehoeskow samo-en dipoendrél, margi nglampahi ndjarah-rajab; Chromtsow samo-en dipoensébrataken saking partijanipoen, namoeng kantoen nji Staalberg ingkang taksih lestantoon njepeng damel.

Déné pandamelan koela: dipoen-poorer andjagi sambetiopen kalijan wawakilan toewin ngoelat-oelataken glagad contra-revolutie lan lampah bandietisme (andjarah-rajab). Pang-

geng koela Korjakow. Pijambakipoen poenika ing dasar tjiang tani, asli saking goepermé Perim; seserapan-ipoenmogol. Anéhiopen Korjakow waoe anggénipoen njepeng damel kanti manah boeroes lan raos adil;

nanging margi makaten angsal-ang-

salanipoen boten mingra. Mesti

liquidat" (sah-sahan). Saben daloe

wonten sakitan sawatasis ingkang

kabeka medal sarta ladjeng dipoen-

rampoengi, mawi dipoen-dipeng-

ing Stratow lan Iwanow pijambak.

Makaten poenika dangoenipoen

ngantos doemoegi woelan Mei 1921,

i.p. nalika wonten dawoeh éwahan

éwahan dateng.

Ing wiwitaning taoen ing goe-

permén Tjoemeni wonten kraman kaeom tani; ngantos ing distrik Jaloetorowsk saged ngawonaken tjiang kommisien 400. Saking Omsk lan Jekaterinenburg dipoadateng-aken pradoerit bantoean, margi pradoerit ing rikoe pijambak boten téng. Tsjeka ing rikoe oegi kabantoe saking Jekaterinenburg. Korjakow, tilas pangageng koela, oegi katoet kakintoenaken mrikoe. Sa-ring mireng, jén koela margi éwah-éwahan kaseboet ing nginggil, sampoen boten gadah tjetjepengan poenapa - poenapa malih, ladjeng njoewoen, soepados koela kapinda-ha dateng Tjoemeni. Amila woelan Djeli 1921 koela dateng ing Tjoemeni, dipoenpoerih ambantoe Korjakow.

Sareng dipoensoeloeh - soeloeh, kraman kaeom tani; ngantos ing distrik Jaloetorowsk saged ngawonaken tjiang kommisien 400. Saking Omsk lan Jekaterinenburg dipoadateng-aken pradoerit bantoean, margi pradoerit ing rikoe pijambak boten téng. Tsjeka ing rikoe oegi kabantoe saking Jekaterinenburg. Korjakow, tilas pangageng koela, oegi katoet kakintoenaken mrikoe. Sa-ring mireng, jén koela margi éwah-éwahan kaseboet ing nginggil, sampoen boten gadah tjetjepengan poenapa - poenapa malih, ladjeng njoewoen, soepados koela kapinda-ha dateng Tjoemeni. Amila woelan Djeli 1921 koela dateng ing Tjoemeni, dipoenpoerih ambantoe Korjakow.

Sareng dipoensoeloeh - soeloeh, kraman kaeom tani; ngantos ing distrik Jaloetorowsk saged ngawonaken tjiang kommisien 400. Saking Omsk lan Jekaterinenburg dipoadateng-aken pradoerit bantoean, margi pradoerit ing rikoe pijambak boten téng. Tsjeka ing rikoe oegi kabantoe saking Jekaterinenburg. Korjakow, tilas pangageng koela, oegi katoet kakintoenaken mrikoe. Sa-ring mireng, jén koela margi éwah-éwahan kaseboet ing nginggil, sampoen boten gadah tjetjepengan poenapa - poenapa malih, ladjeng njoewoen, soepados koela kapinda-ha dateng Tjoemeni. Amila woelan Djeli 1921 koela dateng ing Tjoemeni, dipoenpoerih ambantoe Korjakow.

Sareng dipoensoeloeh - soeloeh, kraman kaeom tani; ngantos ing distrik Jaloetorowsk saged ngawonaken tjiang kommisien 400. Saking Omsk lan Jekaterinenburg dipoadateng-aken pradoerit bantoean, margi pradoerit ing rikoe pijambak boten téng. Tsjeka ing rikoe oegi kabantoe saking Jekaterinenburg. Korjakow, tilas pangageng koela, oegi katoet kakintoenaken mrikoe. Sa-ring mireng, jén koela margi éwah-éwahan kaseboet ing nginggil, sampoen boten gadah tjetjepengan poenapa - poenapa malih, ladjeng n

sawenéhing papan ingkang teksih nindakaken kanti kentjeng; sadaja tijang énggalan ingkang tjepong damel wonten bawahpoen ngrikoe, kedah énggal-énggal njaosi katrangan kanti sowan pijambak. Namoeng wonten oegi ingkang istingarах njekadjeng. Liripoen, sowan inggih kleresan botenpoen inggih boten badé kedoekean. Rêhning panjerat poenika awon-awon oegi kagolong éwonung danjang berah, mila oegi tomoet nggatosaken dateng tjara kasebat nginggil. Dilalah wekdal samanten pikanteuk berahan wonten ing satoenggiling papan, ingkang pangagengipoen ngrikoe awatak njekadjeng prakawis sowanan. Namoeng röhning prekawis ngatoeri priksa poenika sampoen leresipoen, wewah-wewah papan koela poenika tjalak lan dalemang pangageng (W.D.) mila koela raos saé sanget jén mrelokna sowan pijambak (boten medal prabot ds.). Kala samanten koela kénégetan sowanan ingkang ladjeng dados ontran-ontran taoen roemijn poenika; para maos tamotoe oegi teksih kémotaan. Mila sowan koela inggih koela atos-atos sanget, sadérèngipoen koela réntjangi njeloeh-njeloeh lan takén-takén dateng sadérèk ingkang sampoen dangoe wonten ngrikoe, kados-poendi menggah ladosanipoen pangageng ngrikipoenka. Woesana angsal-angsalanipoen gampil. Rêhning pangageng koela poenika waoe satoenggiling prijantoon ingkang mesih nglenggahi kakolatanipoen, mila jén sowan kedah nganggé dasar kanti ngengéni ngandap, lan bab sandang panganggé inggih sampoen ngantos kebregasen. Liripoen: sindjang sampoen ngantos énggal, oedeng makaten oegi, ladjeng rasoekan (jas) jén wonten ingkang boten setlikan. Ingkang makaten poenika, mandar ndadosaken kaleresan koela, awit boten kepeksa ngenak-enakaken. Sareng sampoen terang makaten; kelampah koela legakaken sowan. Wonten ing rikoe (kawedanan) jén koela nitik pangandikanipoen ingkang wedana, kados-kados sowanipoen sang danjang berah poenika kaleresan. Sareng sampoen ragi dangoe ingkang W.D. ndangoe asal lan nama koela, djer ing ngajeng koela saweg ngatoeraken pandamelan koela. Ing riki koela inggih ngatoeraken kanti tjablak, jén asal koela saking doesoen Anoe, anakipoen pak Anoe, nama koela Anoe (nama alit). Bendara W.D. koela atoeri makaten poenika, meksa teksih moendoet tambahan nama koela sepoeh sinten? Adoeh, gemrobos wedaling kringet koela, sareng mireng pdangon makaten poenika. Lan inggih ing wekdal poenika oegi, koela ngertos, sanadjan bebeutan ingkang boten ngrerenggijeg, namoeng saged ngewrat-ewrati band. Tamtoenipoen para maos sampoen sami saged nggagapi, prakawis poenapa ingkang ngewrat-ewrati. Ing riki koela tjeplosaken babar pisan, inggih poenika prakawis nama. Djer ingkang ndadosaken goemrobosing kringet koela waoe, inggih saking pakéwedding anggén koela badé ngatoeraken wetahing nama koela. Déné ingkang ndjalari pakéwed waoe, inggih saking boteing toemrap nama koela menggahing pangkat lan oegi menggahing asal wah malih menggahing woedjoed koela; tambah-tambah inggih angéling oetjap-oetjapanipoen. Ing nginggil koela sampoen matoer, jén anakipoen pak Anoe; nitik temboeng pak, dodos boten toemraping nama waoe, boten ateges kandapen oet. kawonen (awon) ning mandar . . . tahoe sendiri! Rêhning kadangoe pangageng, inggih sanadjan kanti goemrobos lan moentar-moentiring ilat (saking angélipoen), inggih meksa ngatoeraken saleresipoen, Lan nitik ing semoe ingkang wedana midanget nama koela poenika kados-kados rena sanget, tandanipoen teka mèsem lan mantoek-mantoek. Adoeh jajané, èsem djaré oléhé djerœ!

Para maos kados sampoen boten kekilapan, kados-poendi menggah maksoedipoen èsem lan antoek waoe. Sampoen; boten kapandjang-pandjang, tjejakipoen inggih ing dinten poenika waoe manah koela ngras kedoewoeng déné kala roemijn rikala ngrerangké adining nama waoe namoeng nganggé waton oegger saged; tanpa mawi dipoennalar ingkang pandjang. Lan wiwit kala samanten seboet koela rinten daloe boten wonten sanés kadjawi namoeng; "ngamoengka koela pijambaaaaak." Dilalah seboet poenika waoe boten netési, tandanipoen kadang koela babaran énggal poenika sampoen wonten (boten namoeng satoenggal kalah) ingkang kaplérokan prijantoon ingkang sadjadjar kasebat nginggil, inggih djalaran saking adi wah malih inggiling nama. Kang mangka plérok waoe boten namoeng wonten ing paningal, ning troesing panggalih. Lan terkadang boten namoeng toe-moedjoe dateng persoan-ipoen ingkang ngadi asma, saged klampah

NGATOERI PRIKSA.

Pondokan ing Moentilan taoen poenika saged nampi.
No. I. tjalon moerid kl. I. H. I. S. 60.
No. II. moerid kl. II. kl. III. gangsal welasan.
No. III. tjalon moerid Schakelklas gangsal welasan.
Wragad pondokan f 8.50, bajaran sekolah manoet pranatan negari.

Presaben sadérèngipoen tanggal 15 Juni. Moendoeta kistrangan dateng:

Radèn M. S. WAHJASOEDIBJA

Mantrigoeroe H. I. S. No. II. Moentilan D/M.

ngembèt golongan.

Ning tenan.

Mila röhning ingkang sampoen keladjeng sampoen nemahi èsem toewin antoek ingkang boten barès: ngamoengka ingkang sampoen kémawon. Lan pangangkah moegi-moegi dadasa pepénget dateng sadaja kémawon ingkang dèrèng keladjeng. Langkoeng-langkoeng toemoedjoe doemateg kadang koela demang Kalihdasan toewin demang Patang-poeloehan ingkang dèrèng kladjeng. Tijang wirang mbebarang.

P. Ragil al.
Arjasoedibaadisoesastra.

KLOEROEKING SAWOENGOPOEN PANDJILARAS.

I Temboeng laras, manoenggiling sipay sembada, njata sepen koeti jwa. Rinaosaken sakéjtja sinawang moenggoe apatoet, kaanggé sreg tanpa lobok oet sesak. Dipoenaben tanggon, kalélér katingal toelén. Watakipoen boten oemoek margi pangadji-adji, boten mendem déning pangalémbara, boten serik oetawi moeteng dateng panjéda. Agoel-agoeipoen gelar jekti. Toemrap. Sawoengipoen Pandji laras Kth: kados-poendi?

Kakablak mawi anger-anger P(asamoewan) S(oetji). njoewanten Lagos gregorian, kendel keloeroek, mémentjok salebeting wadjib, sadjawi-ing larangan. Para sadérèk kth. Indonesia doemoegi sawarninings koe-lit pisan, tentoe boten kakilapan ingbab poenika. Mila keloeroek ingkang makaten poenika sasat merangitatal, woeroeng begdja ingésemang ngantos . . . !

Mila njoewoen ngapoenten röhipoen sampoen keladjeng.

Gantos kémawon! Röhning sapoenika djaman actie djaman pergerakan sampoen hoem aoemoem, kaloeroek koela inggih badé ngge-pok Kawontenan koela babé ébah kita manoet djaman medal raos koe-la pijambak.

Kath. actie Indonesia ingkang dədos ril ingkang koela soemerepi (ing t. Djawi), pikoekoeh Kath. lan ingkang tinoedjoe ioeohing P.S. Menggah ingkang dados djedjeripoen irigkang katingal sanget P. K. W. lan P. P. K. D.

Doemoegi samangké djedjer kalah waoe sami ngébéké ril kiwa oetawi tengen salah satoenggal. P. K. W. ngambah kiwa oepaminipoen, P. P. K. D. ngambah ingkang tengen. Ploetipoen P. K. W. Sw. Tm. koekoekipoen P.K.P.D. „Soeara Katholiek”.

Koela gambar makaten soepados, para maos saged njawang kados déné tijang ngambah ril satoenggal, lah bab rekaos ingkang tenimah ingkali-kalihipoen sageda katingal.

Djedjer kalah waoe sami déné nggajoeh kath. actie kados ingkang sampoen naté kawahjakken wonten Sw. Tm. déning Rama J. J van Rijcke-vorser.

Malib, ingkang njipati pakempalan kalah waoe, mèh tijang satoenggal, mila oepami koela éntjokaken lan sanépan nginggil sadérèk Kath. lan Indonesia langkoeng-langkoeng t. Djawi, babaganing actie tembak-dakipoen kados tijang loemampah wonten ril léri pabrik rosan; soekoe kiwa ril kiwa, kosok-wangsoelipoen ingkang tengen.

Kawontenan ingkang makaten waoe, sadjakipoen oegi sampoen dados panggalihan déning pak, kalah²poen. Nanging doemoegi samangké déné wonten ingkang tjoemeplong, oetawi dèrèng golong rembag.

Mila ing riki koela keloeroek malihi oepami djedjer kalah waoe lajdeng kersa malihi sipay ngroda sepoer, apengawak locomotief pangambahipoen ril ginandeng inden, winangoen kréta, pepikoelan kasé-lehaken ing kréta, roda P. K. W. lan P. P. K. D. sami ngangkat, ladjeng sentitipoen tjejak satoenggal; kados menggah ing toedjoe boten éwah, kosok-wangsoelipoen menggahing lampah boten gendeng tjenèng.

Röh déné woedjoedipoen saestoe P. P. K. D. plus Soeara Kth. . . . lan P. K. W. plus Sw. Tm!

"Sapoenika gandeng lan rembag ngadjeng, oepami Sw. Tm. lan Sw. Kth. winangoen Sw. Kth. Indonesia. (Sw. mendet Swara Tama, Kth mendet saking Soeara Katholiek I.) ni-poen mendet temboeng Indonesia, kados-poendi? Soepados koeltoer „Djawi” adeging „bangsa Djawi.”

boten sirna ngiras njentosani djoe-ro toedoech, Tamtama dipoenageng-aken. Déné S.K.I. basanipoen Mla-djeng.

Bab poenika matoek boten walak-walak dateng kaoem pengaroeh „nganggep preloe poenapa boten”, jén kita kath. Indonesia saged gandeng srana tatangsoel, lan „roemaos poenapa boten” jén pepikoelan kita poenika pantjénipoen kenging dipoenringkes? Manawi poenika sareng-sareng ginelar moerih tinandinga, temtoenipoen mangké badé wonten kekentelan, botenpoen katrangan.

Soemanga ingkang kawojan, moerih larasipoen poen bingoeng katedahna, pitakén kaparingana wangsoelan, soepados sampoen ngan-tos dodos imbon koeaja.

Koela roemas jén keloeroek koela boten Origineel, nanging sanget pangadjieng-adjeng koela soepados ingkang koela tjeleloekaken poenika, mewahaha panimbanganing para kemoedi. P. S. Moentilan.

SEKOLAHAN.

BASA MLADJENG LAN KANTJA GOEROE DOESOEN.

Ing Sw. T. no. 22 medal tg. 29 Mei, koela ngatoeraken bab wontenipoen piwoelang basa Mladjeng lan ilmoe boemi ing pamoelangan Kasoeltanan kasoevak, poenika ès-teenipoen nama sampoen kadaloëwarsa rembag waoe; malah boten namoeng ing sakolahan Kasoeltanan kémawon ingkang sampoen toemin-dak kados makaten, dalasan ing pawijatan doesoen goeperméan inggih sampoen ngambah margi énggal poenika, nanging taoen kapengker volkschool Missie koela kinten tak-sih dlemok tjoeng anggénipoen sami nindakaken. Awit ing saénget koela nalika taoentiga likoeran ngrikoe, swargi Rama Van Lith kagoengan karsa ngitjali piwoelang basa Mla-djeng wonten ing sekolah H. I. S; dados sanadjan dèrèng kaleksanbab pisan, éwasamanten ingkang sami moelangaken basa waoe kados déné soeda kamempanganipoen. Nanging sareng djaman sapoenika, nitik iksemansen toelating N. S., basa Mladjeng inggih kalebet hoofdvak teor pitakénanipoen inggih radi tje-kapan, mila manawi anggénipoen andadasari moelang basa Mladjeng waoe namoeng wiwit wonten kl IV. vervolg, koela kinten meksa kirang mateng (grondig).

Sanadjan piwoelang volkschool temtoenipoen langkoeng katah wek-dalipoen, margi saged njoeda piwoelang basa Mladjeng toewin ilmoe boemi, éwasamanten doemoegi-ipoen vervolg pasinaonipoen laré-laré waoe teka inggih dèrèng marema-ken, déné sababipoen koela kinten margi bédá-bédan dadasariipoen. Lan ingkang nglingsemaken sanget poenika ingatasipoen laré sampoen tammat saking volksschool teka di-poen sambat dateng tijang sepoehipoen kapeoriha maosaken: Serat gan-tosan kémawon teka boten saged; sampoen malih mangertos lélé-ang-ipoen bédjing poenapa, poenika seratipen sindjang, poenpa dandang, lsp. Nasib . . . nasib!

Ngingetana volksschool poenika kabetahanipoen volk, volk Indonesia rak dèrèng terpeladjar sadaja; rak inggih katah ta laré ingkang pasina-onipoen namoeng mandeg doemoegi klas III. kabeka saking sabab war-ni-warni (sapérangan ageng sadérèk paredèn).

Koela sampoen tjeleloek, poenapa kapareng manawi goeroe vervolg nindakaken moelang basa Mladjeng wonten ingkang sokoalan katah goeroe. Normal ingkang namoeng moelang wonten ing sekolah doesoen. Ingkang poenika ladjeng wonten ingkang njoewoen pi-jambak soepados kapindaha dateng sekolah Goeperméan; lan wonten ingkang dipoensoekani soemerep, jén bade pindah dateng Goeperméan kenging, amargi kekatahan goeroe Normaal.

3. Ing sekolahana Missie katah goeroe ingkang boten moemoelang agami; nanging boten dipoenwedalaken.

4. Goeroe 8 (woloé) waoe boten wonten satoenggal kémawon ingkang pindahakeun kanti kadijad, margi keséd moelang agami; nanging margi wonten sabab sanésipoen.

katebihan, doemoegi sapoenika tak-sih wonten kantja goeroe Kasoeltanan ingkang sami sinaoe perloe padas akte kwekeling, djalaran roemijnipoen namoeng wedalan klas V (IV). Sekolahana angka kalah teres kawisoeda dodos pamong siswa sakolahan an doesoen. Koela kirang terang toemrap ing Goeperméan.

Wasana samanten kémawon atoer koela: mbokbilih wonten ingkang karsa paring wawasan soemangga koela tjetjadang ing siang lan ratri. Poen Aquina.

PENGADJARAN ING TANAH INDONESIA.

(Babagan pamoelangan Welandi; djamanipoen Koempeni).

Kaparenga ngladjengaken atoer koela!!!

Kados déné ing Ambon oetawi ing papan sanés-sanésipoen ing tanah Djawi oegi dipoen-jasani pamoelangan déning Koempeni. Pamoelangan waoe ingkang katah-katah kaaeroes déning dominee. Ing pamoelangan waoe mawi kawoelang agami Protestant. Mila ingkang grijanipoen tebuh sami tetroeka ingrikoe, namoeng preloe badé adoes koengkoem ing tempoeran, sijang daloe boten wonten kendatipoen. Djaler èstri, eném sepoeh, saras saki, toempleg bleq adoes koengkoem ingrikoe, ngantos djedjel rijel, segé-ségan, wonten ingkang dipoen-ge-tjel, wonten ingkang dipoenjet-njet, dipoenidak-idak lsp. Déné ingkang dateng ing rikoe poenika sanés tijang saking Blitar tok, nanging oegi saking Malang, Madioen, Kediri, Djombang lsp.

Anggénipoen sami dateng waoe djalaran:

1. Katjarjos bilih wonten tijang loempoeh ing satjelaking rikoe angsal wisik, kapeoriha adoes koengkoem ing tempoeran. Sareng adoess, sanalika saged saras, saged mlampah.

2. Katjarjos bilih para pangageng (boepati ing Blitar, Malang lan Kediri, Wedana lan para asistent-wedana saandahanipoen) oegi kresa ngrawoehi, perloe moendoet tojanipoen kaagem blonjo oetawi oen-djoekan.

3. Para Walandi, oegi sami mrikoe adoes, . . . tjarisipoen malih.

4. Tojanipoen nganéh-anéh, wonten ingkang bentèr, ingkang manget-manget, lan wonten ingkang arep Warninipoen wonten ingkang soelak djené, soelak idjem, soelak petak, lan wonten ingkang bening, . . . oegi „djaréne” malih.

5. Toja sampoen dipoenpriksa dokter, „djaréne” malih lo, mangka dèrèng wonten dawoe poenapa-dados inggih moestadjap èstoe.

6. Tjarisipoen malih, ing sale-beting toek wonten song-songipoen trètés djené lan ketjohan, mratan-dani bilih ing rikoe wonten . . . Tje-kak dongénganipoen warni², anéh².

Koela mila inggih ladjeng ningali mrikoe, njatakaken. Angsal²anipoen, djeboel namoeng goemoen, ngoen-ngoeno, gadah welas. Ingbatos koela:

1. Banjoe loemrah boetek mengkono kok dienggo adoes, gék sing adoes wong warna-warna, ana sing lara goedigen, lara kematoes, lara mripat, l. l. l. Apa sing waras ora malah dadi ketoelaran lara. Kroengkoek wis ana ketatalané. Apa ora prajoga dilarangi.

2. Jén wis dipriksa dokter temenan, lan timoë pantjén ana katijasané temenan, ngapaa déné ora diaoer, di-dandani kang betjik, moerih kang dianggo adoes moe ng banjoe kang saka toekbaé, adja kamoran banjoe kalén kang woes reged mangkono.

3. Jén doeroeng dipriksa, apa ora loewih betjik dilarangi disik, ija marga moeng arep njingkiri lelaraka balak timoë ing kono, lan njingkiri oega soepaja adja ana wong sing oegal²an, ninggal kasoesilan.

Jén ora dilarangi kirakoe bakal ana lelara, djalaran banjoe kang reged, kang woes dianggo adoes, pada didjoepoek diombé oetawa di-anggo blonjo. Kedjaba ikoe wong kang adoess sapisan baé. Ana sing nganti ping 12, ping 6, lagi gelem moelih. Sésok bali manéh, adoes manéh.

mBéndjing poenapa basa Djawi?

Minggoe ngadjeng kapanggih malihi.


HERCULES.

KABAR INGKANG LEPAT.

In „Akst” No. 54; 5 Djoeni 1931, wonten kabaran, jén saking sekolahana Missie afdeeling Ngajogja (bawahanipoen Past. Strater) sekolahana Goeperméan, poenika namoeng wonten 8 (woloé) Awit:

1. Goeroe ingkang bade pindah saking sekolahana Missie afdeeling Ngajogja

Recept²



APOTHEKEN

Rathkamp & Co.

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk:
SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poethi dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST: AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk:
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.
Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganya, moelai
f 55.—, f 65.—, f 75— dengan perkakasnya: klinting, pompa,
lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.
Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk:
ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.
Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking,
Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirim keterangan
dengan pertjoema.

Mengharap pesenan:
Rijwielenhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:
WIRJOSOESENA
LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.Adres jang
moerahDJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

Sampoen sedija papan
pondokan kaggé LARÉ
ESTRI INGKANG SEKOLAH.
Sinaoenipoen dipoenelat -
oelataken sarta dipoen-
toentoen.

Wragad mondok lan neda:
f 15.—

Koela:

Hardjodiningrat,
Goenoeng - Ketoer,
Pakoe-Alaman, Ngajogja.

Frieling's Glansverf A

(tjet
gilap)

kantoen ngoesar-oesaraken	kémawon, teroes kenging kaanggé.
Dipoenwadahi blèg netto 10	5 2½ 1 ½ kilo.
sa - blèg	9.— 4,75 2,50 1,10 0,60
Kwaliteit (golongan) B,	sa - blèg 10 Kilo . . . f 6,50.
	5 Kilo . . . f 3,50.
Frieling's Verflak no. 1	sa - gendoel f 0,90.
no. 2	" " 0,70.
Lisah tjet Walandi	" " 0,50.
Byta kaggé ngitjali tjet	" " 0,30.
Artistico Calcarium	sa - Kilo " 0,75.

Glansverven (tjet gilap) saben 100 K. G. angsal soedan 10%.

Pabrik tjet R. B. FRIELING
HOEKHUIS GONDHOMANAN-SAJIDAN — DJOKJA.

TOKO DJOEN & Co.

TELEFOON No. 374.

PATJINAN — DJOCJA.

KITA POENJA ROTIE JANG DIE
TOEMBOOK PAKEE
KNEEDMACHINE
DENGAN TENAGANJA
ELECTRISCH
TENTOE PALING
D J E M P O L
SILAHKEN BIKIN PERTJOBAÄN
Memoedijken dengan hormat
DJOEN & Co.

Ngatoeri priksa oegi bilih ingkang
mrakoe poenika boten namoeng tjiang
Djawi tok, dalasan Tionghwa oetawi
Walandi oegi wonten.

Kebakipoen langkoeng-langkoeng
ing wantji daloë. Langkoeng katah
malih jen malem Djoemoeah.

Samanten!!!

Ngandap djeram bali: 8-6-'31.

C. C. Bl. Hyrrokin.

OERAP-SARI.

KABAR KATOELIK

DOEKOEN.

Woeroeng ning

Roemijn, tanggal dinten poenapa sampoen
kasoepon koela ngabaraken bilih kantja goe-
roe koekoehan Doekeen badé ngawontenaken
ramé-ramé: lan pantjéniopoen inggil kantoo
dados kalijan dados: déné begrooting poenapa
sampoen koemplit.

Kole ndilalah redi Merapi koerda, damel
gégéripoen tjiang sadaja, ngantos sawatawan
woelan saweg saged badé poelih kados wa-
oe-waoenipoen, dados idee koela sadaja ka-
peka kawoeroengaken.

Begrootingipoen ladjeng kaggé poenapa?
Gagajotan kalijan gégéripoen Merapi ngantos
kalih woelan rekaos sange saged koela sami
kekempalan kalijan kantja katah, mangka koe-
la sadaja manœt adat saben gadah sasanggen.

La mangka ngantos kalih woelan koela sa-
daja boten saged papanggihan; dados tétek
bengké poenika waoe kapeksa koela boborak.
Sareng watas sampoen tigang woelanan
koela sakantja saweg saged papanggihan,
ngrembag warni-warni.

Sasamponipoen anggong; prakawis koewa-
djiban woelan adat saben koela tjoengelakan;
dados sanadjan nembé kasoesahan oet, dédel
doewél réhning sampoen sagah, mandjing da-
dos koewadjaban; mangka wonten arta ngang-
goer; mila arta waoe prajogi katjowon kaang-
gé ngloenai sasanggen koela sadaja salebet-
ipoen kalih woelan; déné tirahan kaedem.
Sigeg.

KETJALAN.

Gandeng lan pindahipoen Mas Djajasoe-
marta saking Soember dateng Salam, sadé-
rek Doekeen sanget ing sisahipoen: djer
prasast ketjalan Malaékat Kasim-ipoen.

Pandjenanganipoen waoe sanget ing ng-
atos-atos lan saged keket mengah pangas-
taning economie-nipoen; geschikt sanget kapil-
lihat kasing kempalan economie,
mbokmanwan badé wonten sadérek ingkang
mèsem oetawé ngandika; „rak ana Doekeen.”
mangka kémawon: koela ngatoeraken saloe-
goe kirang pitados kenging kajeukosan.

Doekeen tjoet. Reporter J. Koes. p. s. MtL.

MALANG.

Pista taoenan R. K. H. I. S. 1930 — 1931.

Kados ngadat ingkang sampoen-sampoen,
saben taen R. K. H. I. S. ngawontenaken
pista; sapisan minangka panoeetping taoen
sakolahan, kaping kalih kaggé ngregengaken
pista tingalanipoen Monseigneur Van der
Pas. Ing taen poenika bakoepipoen ng-
awontenaken tooneel, mendat lampahan Rabijn
ing Seléka; ingkang andjawékaken para goe-
roe. Saseungkoen lan Padoeke Rama Ten Berge.

Djam 6 para tamoe saha ingkang sami
mrakoe sampoen rawoeh, dipoenkermati
kalagandjoer oetawi kebogiro, tinaboeh
moerid H. I. S. pijambak. Sasamponipoen
satata lengah, pista dipoenwiwit nganggé
tembang Tjirramengeng laras pélog. Sate-
lasing tembang Padoeke Frater Augustinus
ingkang dados kepalaning pamoelangan
atoe pambagé wilodjeng dateng ingkang
sami rawoeh. Sasamponipoen nerangaken
toedjoening karaméjan, kagoengan pang-
djang - adjeng goejoebipoen para tjiang se-
poening moerid ateloeng-toeloengan kalijan
goeoe-goeoe, bab anggénipoen angadjeng-
aken laré-laré.

Minangka tanda bektinipoen dateng Rama
Monseigneur, pakempanal Katholiek Djawi
ing Malang (P. K. D. M.) ngatoeraken poe-
dyartawa, dipointembangaken sadérek-sadé-
rek goeoe ing Panangoengan lan prijan-

toen pagantosan, swara boten agoetiwan;
bibar poenika tooneel noenten dipoenwiwit.
Ing taen poenika pista saha tooneelipoen
kenging kawastanan saé saestoe. Boten na-
moeng kantja Katholiek ingkang sami ka-
pranam ing manah, sadérek ingkang sami
nigali sanésipoen katah ingkang boten
saged mengak loehipoen. Amargi saking
tjoekatipoen ingkang sami tata-tata ing
nglebet, lampashipoen sadaja sarwa rantiaq;
ing salebetipoen wingking geber sami tata-
tata anggantos gambar, ing ngadjeng wonten
laré-laré ingkang sami oera-ora lagoe war-
ni-warni. moeregaiken boten djelih negentosi.
Ing saantawisipoen bedrijf 2 — 3, padoeke
Frater Augustinus maringaken gandjearan
boekoe-boekoe dateng moerid - moerid ing-
kang minggahipoen no. 1, sarta diploma
dateng moerid klas 7. Ing rikoe oegi dipoen-
gandikakaken, manawi sakolahan R. K. H. I. S. ing
Malang, sababipeno dipointi pariksa talesih déning Kangdjeng
toeneur Inspeteur Dalmijn, (ngantos 8 dient)
pinaringan gelijkstelling. Pramila aosing dip-
loma sami kénawon kalijan diploma saking
sakolahan H. I. S. Governement.

Sababiring tooneel Rama Monsieur
nglairaken genging renanipoen pangalih;
sapisan awit saking rawoehipoen para tamoe,
tjiang sepoehipoen moerid, sarta rawoehipoen
Pangeran Dipanagara. Saladjeng-
ipoen ngandika mawi tooneel ing daloë
poenika kenging kagolongaken tettingalan
ingkang saé: saépami dipoenpitontonaken
dateng sanés panggèn boten badé damel
rikoe. Ing sarehning taen ingkang badé
kalampahan padoeke Frater Augustinus
pindah dados Directeur ing Normalschool,
mila pista toetoepan taen sakolahan poenika
oegi dados minangka pepénget djeng-
karipoen padoeke Frater saking H. I. S.
dateng Normalschool. Ing rikoe Rama Mon-
seigneur nglairaken pamoeidi widadanipoen
sakolahan R. K. H. I. S. sarta Normalschool
ingkang badé wiwit taen 1931 poenika
wonten ing Bramastraat. abitaripoen, pista
katoetoep, para prijantoe sami kondoor,
gangsa moengel ajak-ajak.

Tjiang ningali.

MEXICO. Dérèng tentrem sajektos.

Roemijn sampoen dipoenkabaran-
ken, jen ing Mexico sampoen wonten
bademèn babagan agami. Nanging
mitoeroet „Katholieke Wereldpost”
bademèn waoe prasast namoeng
woedjoed seratan, ing praktijk pa-
ngoeja-oeja dérèng këndel. Poenika
tjeta sanget wonten ing djagad se-
kolahan lan panggoela-wentah. Para
ném-néman sami kawelek ratjoen
anti-kasoesilan. Piwoelangan agami
wonten ing volkscholen dipoenawisi.
Goeroe Katoelik boten kenging
mengah dateng pangkat inggil. Kal-
langan militèr dipoenlebi mawi pers
letek. Grédja-Grédja leres sampoen
dipoenwangsoelaken dateng Pas-
moewan Soetji; nanging sekolah-
sekolah dipoenrebatt. Lampah aga-
mi wonten sadjawining Grédja di-
poenawisi. Begdjaniipoen sadérek
Katoelik taksih émoet!

LITHAUN. Nuntiusipoen Kg. S.

Bapa katoendoeng.

Manoet Aneta - Fransoocean Mgr.
Bartoloni, nuntiusipoen Kg. S. Bapa
ing Lithauen, sampoen katoendoeng
dénings regeering Lithauen, mawi
dipoenwangeni ing dalem 24 djam
kedah sampoen medal saking tlatah
Lithauen. Déné sababipoen: margi-
ngodjok - odjoki para poenggawa-
ning Pasamoewan Soetji, soepados
ampoen njotjogi kalijan regeering
ing bab pasoeljanipoen kalijan Va-
ticaan. — Kados tindak poenika
sampoen samestinipoen; dados dé-
rèng tjekek kaggé sabab. Kadjawi,

jén Mgr. Bartoloni waoe medal sa-
king wewenangipoen, oetawi mawi
nerak angger-anggering pradja! Na-
nging bab poenika mesti botenipoen,
oetawi oepam jekots kalampanahan,
mesti ing tilgram dipointjongoel-
aken. Déné poking nalar: Lithauen
nedyda ngadjak okol - okolan kalijan
Vaticaan!

KABAR OEMOEM.
INDONESIA

Konprénsi pradja Kedjawèn.

Konprénsi poenika manggén ing
Soerakarta. Poetoesan - poetoesan-
ipoen:

a. Balé Agoeng. Pandamelanipoen
koemisi ingkang tinanggenah njinaoeng
motie-motie babagan Balé Agoeng
kaangkah sageda rampoeng sadé-
réngipoen tanggal 1 September.

b. Boekoe-boekoe. Sadéréngipoen
meling boekoe-boekoe ingkang
perloe prakawis ékonomi, Staat-
kunde, boekoe-boekoe Ékonomi
toewin Staatkunde ingkang sampoen
wonten toemrap satoenggal-toeng-
galipoen Zelfbestuur toewin sa-
toenggal-toenggalipoen kantor Go-
pernoeran, poenika soepados kada-
melan pratélanipoen pijambak-
pijambak.

c. Ordonansi ambebedag toewin
ndjagi sato kewan. Ordonansi poenika
badé katoemrapaken dateng
kawoelanipoen goepermèn ingkang
gegriga ing Vorstenlanden, sarta
toemrap kawoelanipoen Zelfbestuur
oegi badé dipoenwonten pranatan
kados déné ordonansi poenika.

d. Éwah-éwahán pangadilan. Zelf-
bestuur badé ngawontenaken koemisi
ingkang kapatah niti priksa
kawontenaniipoen pangadilan ing-
kang prajogi dipoenewahi.

e. Pranatan goeoe. Babanggèn
badé noemrapaken pranatan goeoe
dateng kawoelanipoen goepermèn
poenika badé kasoewoenaken palia-
hipoen I. S. Kg. Soesohoenan
toewin I. S. Kg. Soeltan roemijn,
amargi ambtenarioen Zelfbesturen
kawenangaken akenoemrapaken
pranatan goeoe dateng kawoelanipoen
goepermèn, awit saking poenika
anggénipoen badé noemrapaken
ordonansi kaseboeteng c. waoe inggih
kedah njoeoen lilahipoen Zelfbe-
sturen roemijn. (S. T.).

Pest ing Kedjawèn.

Pest ing bawah onderdistrict
Toeri andados, katahipoen pepedjah
mitoeroet palapoeran dateng asis-
ténan, ing woelan Mei akir — 2 Juni,
ing doesoan: Ngandong 10 (bibonen
pest), Toenggoel 3 (longpest).
Kemiri kebo 2 (bibonen pest).
Dados ing dalem ± 8 dinten, wonten
pepedjah 15. — Moegi para winasis
ing satjelaking rikoe sami karsaa
ngroedjoeki tradjanging negari ing-
kang ngoedi mbéngkas sasakit waoe.
Oepami krana nedah - nedahaken
padaéhing grijah manoet pranatan.
enz!

Soebandi.

Kaggé sakolahan doesoan.
Diréktoer van Onderwijs soeka

soemerep dateng pangagenging
gewestelijk bestuur asoeraos: kang-
gé taoen 1931 poenika boten sa-
ged maringi soebandi dateng sa-
kolahan - sakolahan doesoan enggal
gadhanipoen partikelir. Anggèn-
ipoen makaten waoe gandeng kalijan
boten saéning économinoen
negari. Toemrap sakolahan doesoen
ingkang ade